

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Sumber Data


Nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta Sanggar Sunda Rancagé di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka. Sumber data nu dimaksud nya éta Sajarah, jeung simbol-simbol dina kasenian Sampyong.

#### 3.2 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah panalungtikan, nya éta: (1) tatahar, (2) ngumpulkeun data, (3) nganalisis simbol-simbol, (4) ngolah data, (5) ngadéskripsikeun data, jeung (6) nyusun laporan. Sangkan leuwih jéntré deui, dibagankeun di handap.

Bagan. 3.1

#### Desain Panalungtikan



Firman Herdiana Kusumah, 2012

Simbol-Simbol Dina Kasenian Sampyong Di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA

### 3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nya éta cara pikeun ngungkulan masalah panalungtikan nu dilaksanakeun sacara ngaruntuy jeung taliti, tujuanana pikeun meunangkeun fakta jeung kasimpulan sangkan bisa nyangkem, nyawang, jeung ngébréhkeun kaayaan. Lian ti éta, méthode ogé mangrupa cara gawé pikeun maham jeung neuleuman objék anu jadi sasaran panalungtikan. Ngaliwatan méthode anu hadé, panalungtik lain ukur meunangkeun fakta tina kanyataan hungkul, tapi ogé bakal meunangkeun kamungkinan-kamungkinan anu bakal kajadian ngaliwatan éta fakta (Syamsuddin jeung Vismaia, 2007: 14).

Méthode asalna tina basa Latin nya éta *methodos* anu hartina cara-cara, strategi pikeun maham kana réalitas, léngkah-léngkah sistematis dina ngungkulan runtuyan sebab-akibat. Méthode miboga fungsi pikeun ngungkulan pasualan dina panalungtikan (Ratna, 2011 : 34). Dina seuh-seuhanna mah méthode téh mangrupa tarékah anu sistematis pikeun ngahontal hiji udagan sangkan maham sagemblengna dina hasil panalungtikan. Ku lantaran éta unggal panalungtikan merlukeun méthode anu luyu jeung udagan anu baris dihontal sarta ahirna nyangking atawa maham kagemblengan kana pasualan anu nyampak.

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode *déskriptif-analitik*. Méthode *déskriptif-analitik* mangrupa méthodé anu dilakukeun kalayan cara ngadéskripsikeun fakta-fakta anu satuluyna dianalisis. Méthode *déskriptif-analitik*

Firman Herdiana Kusumah, 2012

Simbol-Simbol Dina Kasenian Sampyong Di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigosong Kabupaten Majalengka Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA

nya éta métode nu ngagambarkeun tur méré pamahaman ngeunaan fakta-fakta nu nyampak dina objék panalungtikan (Ratna, 2011:53).

### 3.4 Wangenan Operasional

Judul ieu panalungtikan nya éta “Simbol-simbol dina Kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA”.

Pikeun nyingkahan ayana salah tafsir ti nu maca, ieu judul dijéntrékeun dina wangenan operasional ieu di handap:

- 1) Kasenian nya éta sagala ékspresi jeung hasrat manusa nu bisa ngahasilkeun hal-hal anu sarua éndah, nepi ka bisa méré kaonjoyan ka nu ngarasakeunna;
- 2) Sampyong nya éta salasihiji kasenian nu aya di daerah Majalengka. Ieu kasenian téh mangrupa seni pakuat-kuat diteunggeul. Ieu hal dilakukeun ku cara neunggeul sarta diteunggeul maké alat nu dijieun tina kai atawa hoé nu panjangna  $\pm 60$  cm.”.
- 3) Bahan pangajaran nya éta salasihiji komponén pangajaran, nu eusina mangrupa pangaweruh nu kudu dikawasa ku guru jeung siswa; jeung
- 4) Pangajaran maca nya éta salasihiji pangajaran anu aya dina SKKD basa Sunda, nu miboga tujuan sangkan bisa maham jeung nyangkem kana wacana nu jadi bahan pangajaran.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Firman Herdiana Kusumah, 2012

Simbol-Simbol Dina Kasenian Sampyong Di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA

Instrumen nu dipaké dina hiji panalungtikan bakal nangtukeun kahontal henteuna tujuan tina éta panalungtikan. Instrumén panalungtikan nya éta sakabéh alat nu dipaké pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) *Handphone*, nu dipaké pikeun ngarékam lumangsungna kagiatan wawancara dina prosés ngumpulkeun data ka sakumna warga Majalengka nu apal pisan kana kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka.
- 2) Kaméra digital, nu dipaké pikeun dokumentasi kagiatan obsérvasi jeung wawancara nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan; jeung
- 3) Pedoman wawancara, nu dipaké pikeun ngawawancara ka sakumna warga Majalengka nu apal pisan kana kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka. Pertanyaan-pertanyaan nalika lumangsungna kagiatan wawancara nya éta:
  - a. Kumaha sajarah jeung kamekaran Sampyong di Majalengka?
  - b. Kumaha kaayaan Sampyong bihari jeung kiwari di Majalengka?
  - c. Iraha waé kasenian Sampyong dipagelarkeunna?
  - d. Naon nu jadi udagan tina kasenian Sampyong?
  - e. Kumaha prak-prakan kasenian Sampyong di Majalengka?
  - f. Naon waé simbol-simbol nu aya dina kasenian Sampyong di Majalengka?

### 3.6 Téhnik Panalungtikan

Firman Herdiana Kusumah, 2012

Simbol-Simbol Dina Kasenian Sampyong Di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik telaah pustaka, wawancara, observasi, jeung dokumentasi. Satuluyna dipedar saperti ieu di handap.

1) Téhnik telaah pustaka

Téhnik telaah pustaka nya éta tehnik ngumpulkeun data nu mangrupa sumber tinulis pikeun néangan tur nangtukeun tatapakan teoritis anu aya patalina jeung simbol-simbol dina kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka pikeun bahan pangajaran maca di SMA.

2) Téhnik wawancara

Téhnik wawancara nya éta téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu mangrupa sumber tinulis, ku cara ngawawancara ka sakumna warga Majalengka nu apal pisan kana kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka, katut hal-hal nu aya patalina sarta miboga pangalaman ngeunaan éta kasenian. Kagiatan wawancara nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan mangrupa wawancara *semi terstruktur*.

3) Téhnik obsérvasi

Téhnik obsérvasi nya éta tehnik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kasenian Sampyong, sajarah, jeung kaayaan dina éta kasenian.

**Firman Herdiana Kusumah, 2012**

Simbol-Simbol Dina Kasenian Sampyong Di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA

Obsérvasi dilaksanakeun ku cara niténan sakabéh data nu aya patalina jeung éta kasenian, sarta ngajugjug ka sanggar kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka.

#### 4) Téhnik dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi nya éta téhnik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data nu mangrupa hasil dokumentasi kasenian Sampyong, saperti piti. Salian ti éta, lumangsungna panalungtikan didokumentasikeun pikeun bukti geus ngalakukeun panalungtikan ngeunaan simbol-simbol dina kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka.

### 3.7 Téhnik Analisis Data

Sangeus data hasil panalungtikan bisa dikumpulkeun, saterusna dilakukeun kagiatan ngolah data. Téhnik ngolah data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta ku cara mariksa data nu geus dikumpulkeun ngeunaan kasenian Sampyong di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka, anu satuluyna éta data dideskripsikeun jeung dilarapkeun dina bahan pangajaran “Maca bahasan kasenian” di SMA kelas XII.

Firman Herdiana Kusumah, 2012

Simbol-Simbol Dina Kasenian Sampyong Di Kelurahan Simpeureum Kacamatan Cigasong Kabupaten Majalengka Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMA